



St. Thomas East End Medical Center Corporation  
4605 Tutu Park Mall, Suite 207  
P.O. Box 503177  
St. Thomas, VI 00805-3177

Tel: (340)775-3700  
Fax: (340)777-7927

“Your Health is our First Priority”

### KONSANTMAN POU SWEN MEDIKAL / DANTÈ

St. Thomas East End Medical Center Corporation (STEEMCC) otorize bay swen medikal, konpòtmantal ak dantè, egzamen, tè dyagnostik Pwosedi ak iminizasyon ke nenpòt nan doktè, enfimyè, dantis, epi lòt anplwaye medikal ak dantè avize. Lalwa egzije STEEMCC divilge tout risk materyèl ak tretman medikal altènatif. Lè li bay konsantman li pasyan rekonèt ke ou te enfòm li nan tèm jeneral sou nati ak objektif tretman medikal ak dantè, egzamen, tè dyagnostik.

Inisyal: \_\_\_\_\_

### RESPONSABILITE FINANSYE PASYAN

Ou responsab pou nenpòt ki co-peman nan moman sèvis la founi epi lè ou resevwa yon bòdwo pou nenpòt ki kantite lajan kontra w ak konpayi asirans ou detèminen. Ou responsab pou nenpòt ki kantite lajan asirans ou pa kouvri. Si konpayi asirans ou refize peye nenpòt ki pati nan reklamasyon ou, ou pral responsab pou peye balans kont ou antyèman. Si ou pa gen asirans, oswa si gen rabè nan pri sèvis yo founi yo, ou pral dwe pou peye pri redwi a antyèman pou sèvis nou lè nou founi yo.

Mwen te li règleman pi wo a ki konsènen responsabilite finansye mwen pou St. Thomas East End Medical Center Corporation ki founi sèvis reyabilitasyon bay pasyan ki nonmen anwo oswa mwen menm. Mwen sètifye ke enfòmasyon mwen founi yo vre epi egzakt nan pi bon konsepsyon mwen. Mwen konsanti pou mwen peye St. Thomas East End Medical Center Corporation tout lajan an antyèman pou tout bòdwo mwen menm oswa pasyan ki nonmen anwo a angaje, si sa aplikab, epi nenpòt ki rès lajan ki dwe apre konpayi asirans mwen fin peye.

Inisyal: \_\_\_\_\_

### CONSANTMAN POU PRAN FOTO

Kòm pati nan enskripsyon an, si yon pasyan ki prezante li san yon ID, yo pral pran foto li pandan pwosesis enskripsyon an. Sa se pou minimize fwòd ak kopi nan sistèm nou an.

Inisyal: \_\_\_\_\_

### KONSANTMAN POU TELEMEDSIN

Pou asire sekirite anplwaye ak pasyan, STEEMCC ap itilize telemedsin pou sèvis pasyan nou nan kominote a. Telemedsin enplike itilizasyon kominikasyon ki an sekirite elektwonik pou founi sèvis swen sante nan kominote a. Sa pèmèt pi bon Pratik distans sosyal ak founisè a epi ak pasyan an nan diferan kote. Telemedsin nan STEEMCC pral founi menm kalite sèvis kòm si ou te andedan etablisman an. Si pasyan refize patisipe oswa deside kanpe patisipasyon li nan vizit telemedsin nan, sa pral anrejistre nan dosye pasyan an. Refi pasyan pa pral afekte swen oswa tretman nan lavni nan STEEMCC.

Inisyal: \_\_\_\_\_

### OTORIZASYON

Konsantman

- Konsantman pou Swen Konpòtmantal, Medikal, Dantè
- Rekonèt Responsabilite Finansye Pasyan
- Konsantman pou Pran Foto Si li Bezwen
- Konsantman pou Telemedsin

Pa Konsanti

- Pa konsanti pou swen Medikal/ Dantè
- Pa Rekonèt Responsabilite Finansye Pasyan
- Pa Konsanti pou Pran Foto
- Pa Konsanti pou Telemedsin

Siyati Otorize

Relasyon pou Pasyan

Temwen

Dat